



COVID-19 la toujou! Konsèy sou kijan pou w rete an sekirite

Tout moun ki
gen 6 mwa oswa
plis ta dwe pran
vaksen COVID-19
2024-2025!

1

Jwenn enfòmasyon yo:

- Vaksen an enpòtan sitou si w gen 65 an oswa plis, si w gen gwo risk pou w vin malad oswa si w pa pran vaksen kont COVID-19. *
- Pwoteksyon vaksen an diminye apre yon sèten tan. Li enpòtan pou w rete ajou.

2

Jwenn vaksen yo epi pran vaksen an:

- Vizite nj.gov/health/vaccines/covid-19/ oswa eskane kòd QR la.
- Vizite vaccines.gov.



3

RETE LAKAY OU EPI FÈ TÈS YO:

- Si w gen sentòm COVID-19 (lafyè, tous, nen k ap koule, elatriye).
- Kòmande tès COVID-19 gratis ou yo lè w vizite COVIDTests.gov.

4

Mande sou medikaman pou COVID-19:

- Pale ak founisè swen sante w si w gen risk pou w vin malad anpil akòz COVID-19 (pa egzanp, moun ki gen pwoblèm medikal tankou opresyon, dyabèt, elatriye).
- Pa tann! Medikaman dwe kòmanse nan 5 a 7 jou apre sentòm yo kòmanse!

5

Pratike bon ijyèn (pwòpte):

- Netwaye sifas ki gen anpil manyen (telekans, kontwa).
- Lave men yo pou omwen 20 segonn.
- Kouvri touse ak etènye.

* Vaksen an rekòmande, dòz la, ak distribisyon an ka diferan selon laj ou, istwa vaksinasyon ou anvan, ak pwoblèm medikal ki kache (pa egzanp, dyabèt, twò gwo, tansyon wo, elatriye). Pale ak founisè swen sante w la pou w wè sa ki pral pi bon pou ou. Pou plis enfòmasyon, vizite cdc.gov/covid/index.html.

Pou jwenn enfòmasyon sou rete ajou ak vaksen COVID-19, vizite
cdc.gov/covid/vaccines/stay-up-to-date.html.

Desanm 2024